



MINIT OFISYÈL POU EGZAMEN LEKÒL YO KOMINOTE GWOUP TRAVAY POU ADMISYON SESYON EKOUT LA

23 jen 2021

Komite Lekòl Boston an ak Komite Gwoup Travay Lekòl la pou Admisyon Egzamen yo te patisipe ansanm nan yon sesyon komunikasyon a distans le 22 jen 2021 a 4 pm sou Zoom. Pou plis enfòmasyon sou nenpòt nan eleman ki nan lis la anba a, vizite www.bostonpublicschools.org/schoolcommittee oswa <https://www.bostonpublicschools.org/esataskforce>, imèl feedback@bostonpublicschools.org, oswa rele Biwo Komite Lekòl Boston lan nan (617) 635-9014.

PREZANS

Manm Komite Lekòl Boston an ap Prezante: Prezidan Jeri Robinson; ak reprezentan etidyan yo Xyra Mercer.

Manm Komite Lekòl Boston an ki Absan: Hardin Coleman; Ernani DeAraujo; Quoc Tran; ak Vis Prezidan Michael D. O'Neill.

Manm Gwoup Travay pou Egzamen Admisyon Lekòl la ki Prezan: Ko-Prezidan Michael Contompasis; Ko-Prezidan Tanisha Sullivan (ki rive apre kòmantè piblik yo); Acacia Aguirre (ki rive apre apèl prezans); Simon Chernow; Katherine Grassa (ki rive apre apèl prezans); Zena Lum (ki rive apre apèl prezans); ak Rachel Skerritt (ki rive apre apèl prezans).

Manm Gwoup Travay Egzamen pou Admisyon Lekòl la ki Absan: Samuel Acevedo; Matt Gregor; Tanya Freeman-Sajès; Zoe Nagasawa; Rosann Tung; ak Tamara Waite.

DOKIMAN YO TE PREZANTE

Ajanda

[Mizajou Gwoup Travay pou Egzamen Admisyon Lekòl la sou Konsiderasyon Potansyèl yo, 16 jen 2021](#)

APÈL POU TOUNEN NAN LÒD

Mesye Contompasis fè apèl pou tounen reyinyon an nan lòd epi li swete byenveni a manm yo ak patisipan yo. Madam Sullivan fè apèl prezans lan pou Komite Lekòl la. Prezidan Jeri Robinson

ak reprezantan etidyan yo Xyra Mercer te preznan. Hardin Coleman, Ernani DeAraujo, Quoc Tran, ak Vis Prezidan Michael D. O'Neill te absan. Madam Parvex te fè apèl prezans pou gwoup travay la. Ko-Prezidan Michael Contompasis ak Simon Chernow te preznan. Ko-Prezidan Tanisha Sullivan, Acacia Aguirre, Katherine Grassa, Zena Lum ak Rachel Skerritt te rive apre apèl prezans lan. Samuel Acevedo, Matt Gregor, Tanya Freeman-Wisdom, Zoe Nagasawa, Rosann Tung, ak Tamara Waite te absan.

Misye Contompasis te anonse ke sèvis entèpretasyon similtane yo disponib an Panyòl, Kreyòl Ayisyen, Cabo Verdean, Vyetnamyen, Kantonèz, Mandaren, Pòtigè, Somalyen ak Arab; entèprèt yo prezante tèt yo epi yo te bay enstriksyon nan lang natif natal yo sou fason pou jwenn aksè nan entèpretasyon similtane lè w ap chanje chanèl Zoom la. Li te ekskize l ke Komite a pa t kapab rive jwenn entèpretasyon pou Lang siy Ameriken (ASL) an pou sesyon an. Li te eksplike ke demann pou entèprèt ASL yo te ogmante anpil pandan pandemi an kòm plis etablisman publik yo vin ap òganize reyinyon adistans. BPS kontinye ap travay ak patnè eta li yo sou pwoblèm sa a. Anplwaye yo te aktive fonksyon ki te ajoute soutit anba a.

Madam Robinson te remèsyé Task Force la pou travay yo a. Li ankouraje moun yo pou yo li mizajou sou domèn potansyèl pou konsiderasyon ke Gwoup Travay la te prezante bay Komite Lekòl la le 16 jen. Gwoup Travay la pral prezante dènye rekòmandasyon règleman li yo bay Komite Lekòl la le 30 jen. Komite a pral vote sou yon egzamen final pou règleman admisyón lekòl yo nan dat 14 jiyè. Li te mande moun ki pran lapawòl yo pou yo kenbe respè e li te di ke diskou vilgè yo te entèdi.

KÒMANTÈ JENERAL PUBLIC LA

- Steve Yang, yon rezidan West Roxbury, yon paran nan St Mary of Assumption School, te bay temwayaj konsènan konpozisyon Gwoup Travay pou Egzamen Admisyon Lekòl yo.
- Anna Dore, yon rezidan West Roxbury, yon paran nan Kilmer K-8 School, te bay temwayaj konsènan priyorite seleksyon an nan yon pwoesis admisyón pa lotri.
- Mike Heichman, yon rezidan Dorchester, ki se manm Boston Education Justice Alliance (BEJA), te bay temwayaj an favè eliminate egzamen lekòl yo.
- Patricia Kinsella, yon rezidan Northfield, te bay temwayaj konsènan itilizasyon rezulta tès yo nan pwoesis admisyón an.
- Khymani James, yon rezidan Brighton, te bay temwayaj an favè pou eliminate egzamen lekòl yo.
- Rachel Miselman, yon rezidan East Boston, te bay temwayaj an favè pou prezèvè difikilte nan egzamen lekòl yo ak elaji bon jan kalite opòtinite aprantisaj nan lekòl elemantè ak nan lekòl ki pa gen egzamen yo.
- Travis Marshall, yon rezidan Roslindale, yon paran nan Elementary Bates School, yon manm Quality Education for Every Student (QUEST), te ankouraje gwoup travay la pou yo te kreye yon nouvo règleman pou admisyón.
- Shirley Chen Weng, yon rezidan Brighton, yon paran Josiah Quincy Elementary School, te bay temwayaj

Komite Lekòl Boston an ak Gwoup Travay Lekòl la pou Egzamen Admisyon kominote Sesyon kominikasyon

a Adistans lan

Zoom

23 jen 2021

- Suzie McClone, yon rezidan Back Bay, te bay temwayaj konsènan diskou vilgè yo.
- Teresa Pregizer, yon rezidan Roxbury, yon paran, te bay temwayaj an favè de elaji egzamen lekòl yo.
- Cindy Tower-Loewen, ki pa yon rezidan Boston, te bay temwayaj li an favè de pwolonje règleman pwovizwa a pou yon lòt ane.
- Doktè Vanessa Calderon-Rosado, ki se chèf egzekitif Inquilinos Boricuas en Acción (IBA), te bay temwayaj li an favè de ogmante opòtinite pou tout elèv yo.
- Shirley Chenweng, yon paran, Josiah Quincy Elementary School, te bay temwayaj li konsènan fason ke elèv lekòl la te afekte pa règleman tanporè egzamen admisyón nan lekòl yo.

KÒMANTÈ POU TÈMINE

Mesye Contompasis remèsye oratè yo ki te bay temwayaj yo. Li te anonse ke pwochen reyinyon adistans Gwoup Travay pou Egzamen Admisyon Lekòl yo pral dewoule jedi 24 jen a 5 pm. Gwoup Travay la pral prezante dènye rekòmandasyon li bay Komite Lekòl la le 30 jen.

AJOURNE

Apeprè vè 5:12 pm, Komite a te vote an amoni, pa apèl prezans, pou ranvwaye reyinyon an.

Ateste:



Elizabeth Sullivan
Sekretè Egzekitif